Ibrayi'm Yusupov

# TOP, TOP DOMALAQ

Kishi mektep jasi'ndag'i' balalar ushi'n



No'kis
«BILIM»
2014



## BA'HA'R

Ba'ha'r, Ba'ha'r jan Ba'ha'r,
Miyman boli'p kelipsen'.
Ko'p raxmet, ko'k japi'raq ha'm
Gu'ller ali'p kelipsen'.

Ba'ha'r kelse quwani'si'p,
Bizler ku'tip alami'z.
Woqi'wdan bos waqti'mi'zda,
Suw boyi'na barami'z.

Suw boyi'nda gu'ller ku'lip,
Qarli'g'ashlar sayraydi'.
Tu'rli qus ha'm gu'belekler,
Quwalasi'p woynaydi'.

Mektebimizge barati'ri'p,
Saz qosi'qlar aytami'z.
Sabaqtan son' jol boyi'nsha
Gu'ller terip qaytami'z.

Ba'ha'r, ba'ha'r sen kelgende,
Jer kiyiner jasi'ldan.
Bizin' kewlimiz de ba'rha,
Sendey jaynap ashi'lg'an.

Ba'ha'r seni biz su'yemiz,
Ji'lda qalmay kele ber.
Ko'k japi'raqli' gu'llerin'nen,
Bizge a'kep bere ber.

*1940-ji'l.*



## BAQSHA QOSI'G'I'

Tan' uyqi'si' ra'ha't,
Uyqi'lasan' qanbay miyrin'.
Tan'da yerte woyani'w,
Bilsen' wonnan da shiyrin.

Menin' a'detim solay,
Ba'rha yerte turaman.

Muzday suwg'a juwi'ni'p,
Baqsha betke baraman.

Sekirip tu'stim baqshag'a,
Ko'z tartti' jemis tolqi'ni'.
Qollari'mdi' taldi'rdi',
Shiyrin ju'zim solqi'mi'.

Alma jedim aralap,
Tilimdi u'yirip ketti.
Miynetimnin' la'zzetine
Jani'm su'yinip ketti.

Tan'g'i' shi'qqa bi'lg'ani'p,
Kirdim qali'n' pa'lekke.
Qushag'i'ma si'ymadi'
Wo'zim yekken a'lekke.

Yerkelettim suw quyi'p,
Bir qi'ytaqsha gu'limdi.
Shaqasi'na qondi'rdi'm,
Sayra dep bu'lbu'limdi.

Bu'lbu'lim, sayra-sayra,
Baqshamda saz jan'lasi'n.
Jasli'q miynet la'zzetin
Ha'mme mendey an'lasi'n.

## MARJANGU'L MENEN GU'BELEK

Marjangu'l

Aq gu'belek, ko'k gu'belek, gu'belek,
Qanday shi'qti'n' ari'si'n'di' to'belep?
Ko'p qi'di'rdi'm seni ba'ha'r kelgeli,
Aytatug'i'n so'zlerim bar, gu'belek.

Gu'belek

Sag'i'nsan' da, izlesen' de ba'rhama,
Ashi'wshaq qi'z, qorqi'tasan' sonshama.
Men de senin' dawi'si'n'di' sag'i'ndi'm,
Bizge arnap qosi'q ayti'p bersen'-a'!

Marjangu'l

Woy biyshara, suli'w g'ana gu'belek,
Qanati'n' bar misli juqa shu'berek,
Sag'an arnap ba'rha gu'ller teremen:
Ayt desen', men qosi'q ayti'p beremen!



Ha' gu'belek, gu'belek,
Ken' dalani'n' erkesi.
Gu'lge tozan' sebelep,
Quri'g'an ba din'kesi?
Qanatlari' qag'azday,
Gu'l-japi'raq ko'rpesi.
Bir so'z aytsan' wo'kpeler,
Suw ko'termes sirkesi.
Ushaman dep ali'sqa,
Yelpen'-yelpen' yetedi:
Jel su'ykense qami'sqa,
I'qlap ushi'p ketedi.
Jon'i'shqali'qta jurti' bar,
Yeki tu'yir murti' bar,

Aq ko'kirek pa'pelek,
Jerge ushqan u'pelek,
Woynap aytti'm yerkelep,
Ashi'wlanba, gu'belek!

Gu'belek

Suli'w qi'zi' ken' baxtiyar u'lkenin',
Mag'an baxi't yerkeletip ku'lgenin',
Bir sorawi'm: Qalay woqi'p ju'ripsen',
Jaqsi' bolar yedi ayti'p bergenin'?

Marjangu'l

Barli'g'i'nan bes bahasi'n alaman,
Qosi'qtan da seni hayran qi'laman.
Woni' aytsan', qa'lem alsam qoli'ma,
Su'wretin'di ayni'tpastan salaman.

Gu'belek

Ba'rekella, won'i'nan kelsin talabi'n'!
Sawal bersem, u'yilmesin qabag'i'n':
Wo'zin' sonday jaqsi' qi'zsan', biraq ta
Nege mendey usha almaysan', qarag'i'm?

Marjangu'l

Haw gu'belek, maqtanasan' shalqayi'p,
Bilmey turi'p kemis taqsan', bul — ayi'p.
Samolyotqa minip turi'p ushqanda,
Jon'i'shqali'qta qalmappedin' an'qayi'p?

Gu'belek

Buni'n' duri's. Ja'ne qulaq salsan'-a',
Awnap jati'p jon'i'shqali'qta shalqan'a,

Ku'n qi'zg'anda i'lay suwg'a shomi'li'p,
Nege mendey qi'di'rmaysan' ba'rhama?

Marjangu'l

Mi'na g'ana aqi'li' joq pa'pelek,
Meni bunsha aldasti'ri'p ne demek?
Ala jazlay woynag'annan ne payda?
Ha'r na'rsenin' waqti' bar g'oy, gu'belek.

Gu'belek

Si'nap yedim, ba'le yekensen' sen biraq.
Meni so'zden qaldi'rdi'n' g'oy ha'zir-aq.
Men de seni izlep yedim sag'i'ni'p,
Waqti'n' bolsa woynayi'q ta azi'raq?

Marjangu'l

Meyli, dosti'm, kewlin' senin' qalmasi'n,
Gu'llerin'di qoshantaylar julmasi'n.
Bir maydannan sabag'i'ma ketemen,
Woyi'n ko'pke sozi'latug'i'n bolmasi'n.

Gu'belek

Joq, az g'ana woynaymi'z tek quwana,
Wa'de bolsi'n ko'ringen shel, huw ana!
Basi'p wozsan', gu'l beremen bayraqqa,
Al, men ushti'm, sen izimnen quwala!

*1951-ji'l.*

## TOP

— Top, top, domalaq,
Qayda kettin' jumalap?
— Bala, bala, bala!
Yetken isin' shala.
Ayt, qa'ne, nege sen.
Meni suwg'a tebesen'?
Batpaqqa da basasan',
Shan'g'a taslap qashasan'.
Soni'n' ushi'n aytpayman,
U'yge de qaytpayman.
Salmadan i'g'aman,
Stadionnan shi'g'aman.



# QUWI'RSHAQ

Quwi'rshaq, quwi'rshaq,
Tamdi' aylani'p juwi'rsaq,
Aq ku'shikke «hap!» — desek,
«Izimizden shap» desek,
Jasi'ri'ni'p jalt bersek,
Tawi'p alsa, qant bersek.
Ku'shik jani'n ayasa,
Izlese tal sayasi'n,
U'yge qarap juwi'rsaq,
Muzday suwg'a juwi'nsaq,
Taza boli'p, tamaq jep,
«Hayya jani'm, hayya!» — dep,
«Pi'r-pi'r» yetip uyqi'lasan',
Uyqi'lasaq!

*1959-ji'l*



## ALA TAY

*(qayta islengen xali'q qosi'g'i')*

A'kem aytti', "him" dedi,
"Ala tayg'a min" dedi,
"Arman-berman shap" dedi,
"Wotlaq jerdi tap" dedi,
"Ala taydi' wotlati'p,
Jaqsi' ku'tip baq" dedi.
Jaqsi' kisi jat bolmas,
Tay ku'tpesen', at bolmas.
U'lkennin' tilin almag'an,
Won'li' azamat bolmas.
Shu'w, jani'war, ala tay,
Sen jigittin' qanati'-ay.
Azamat bol, ay bala,
Bola ko'rme jalatay.

*1959-ji'l.*



## SU'TILMEK

A'tsho'k kelse albi'rap,
«Ba'ha'rjandi' ku'tin'» dep.
Jap boyi'nda jawdi'rap,
Ko'geredi su'tilmek.

Ha' su'tilmek, su'tilmek!
Su'tke tolg'an su'tilmek!
A'ste g'ana julayi'n,
Jarti'lamay pu'tinlep.

Jap boyi'nan jali'qpay,
Ku'nde terip alayi'n.
Ko'kke qosi'p, ko'beytip,
Qoshantayg'a salayi'n.

Su'tilmek jep qoshantay,
Qoshqar bolar sep-semiz.
Bunda turi'p ne payda
Ku'nge quwrap kepsen'iz?

Yeshki boli'p i'lag'i'm,
Qoshantayi'm qoy bolar.
Awi'li'mi'z bay boli'p,
U'yimizde toy bolar.

Jasi'ri'nba, men seni,
Qa'dirdani'n' bolayi'n:
Qoshqar bolsa qozi'bay,
«Su'tilmek jep wo'tse» dep,
Seni yadg'a alayi'n!



## NA'LSHE

Na'lshe yektim bag'i'ma,
Qulaq awi'z jag'i'na.
Suwg'araman qandi'ri'p,
Suw kelgen son' jabi'ma.

Ha'zirshe mol i'zg'ari',
Soli'p, sa'nin buzbadi'.
Sha'mbe quydi' sonda da
A'japamni'n' qi'zlari'.

U'lkeygen son' yele wol,
Miywe salar mayi'si'p.
Apam qusap ha'zirshe
Woti'ri'pti' shay iship.

## SAQQULAQ

Ku'shim, ku'shim Saqqulaq,
Kel jani'ma shapqi'lap.
Bu'ldirsen' biraq yegindi,
Jazalayman jaqsi'lap.

Ha' Saqqulaq, Saqqulaq,
Ati'n' jaqsi' at biraq.
Nege sha'n'k-sha'n'k u'resen',
So'ylemeysen' ga'p qurap.

Ha' Saqqulaq, Saqqulaq,
Yerkeley berme shapqi'lap.
Shalbari'mdi' bu'ldirdin'
Balag'i'mnan tartqi'lap.

Ku'shim, ku'shim Saqqulaq,
Kel, toyi'p al jaqsi'lap.
Tuwi'lg'an ku'nin' won' bolsi'n,
Dep men, dosti'n' Ma'rmurat.

## SOBI'Q

Ha'y sobi'g'i'm, sobi'g'i'm,
Qawsi'ra berme qabi'g'i'n'.
A'sheko'yge toymadi'm,
Ni'g'aysi'n dep tami'ri'n'.

Gu'lin' sobi'q bolg'ali',
Qonbay qoyg'an gu'belek.
Men termesem qalasan'
Boli'p ma'zi u'pelek.

## SO'ZI QI'ZI'Q ATAMNI'N'

Qi'rg'awi'ldi' su'ylin der,
Su'yrik deydi qami'sti'.
Dawi'l tursa u'rgin der,
Jitirim deydi ali'sti'.

Tawshan deydi qoyandi',
Sho'girtek deydi boyandi'.
Jani' barday ma'wsimnin',
Deydi: Ba'ha'r woyandi'!

Maral deydi kiyikti,
To'be deydi biyikti.
Shegeni de bilmeydi,
A'per deydi mi'yi'qti'.

Shapqi'r atti' ju'yrik deydi,
Bo'tekeni bu'yrek deydi.
Nege bizin' mug'allimler,
Atama til u'yretpeydi?!

RESPUBLIKALI'Q MA'LIMLEME-RESURSLI'Q WORAYI'
INV.№ 83101